# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

**2021-жылда оқыўшы жасалар менен ислесиўди нәтийжели шөлкемлестириўде 5 әҳмийетли басламаны әмелге асырыў бойынша өткерилетуғын көрик-таңлаў, фестивал ҳәм спорт жарысларының режелерин тастыйықлаў ҳаққында**

Өзбекстан Республикасы Президенти Ш.М.Мирзиёев басшылығында 2019-жыл 19-мартта "Ҳалық билимлендириў системасындағы мектептен тыс билимлендириў мәкемелериниң нәтийжелигин түптен жетилистириў ис-илажлары ҳаққында" өткерилген видеоселектор мәжилисиниң 12-санлы баянламасын ҳәмде 2019-жыл 30-сентябрьдеги ПҚ-4467-санлы қарарының орынланыўын тәмийинлеў, оқыўшылардың бос ўақытларын мазмунлы шөлкемлестириў, олар арасында саламат турмыс тәризин үгит-нәсиятлаў, қәлбинде Ўатан сүйиўшилик, инсаныйлық пазийлетлерин оятыў, оларда китапханлық мәдениятын қәлиплестириў ҳәм Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 31-майдағы 169-санлы буйрығының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде

**БУЙЫРАМАН:**

1. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 31-майдағы 169-санлы буйрығы басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

**2.Усы буйрық пенен төмендегилер:**

**а) биринши баслама бойынша:**

-"Дөретиўши балалар" фестивалын шөлкемлестириў ҳәм өткериў тәртиби туўралы Реже 1-қосымшасына муўапық;

"5 баслама – көркем-өнер менен" ураны астында, хор жәмәәти фестивал-таңлаўын өткериў Режеси 2-қосымшасына муўапық;

**б) Екинши баслама бойынша:**

-"5 баслама – спорт пенен" ураны астында улыўма орта билим бериў мектеплериниң оқыўшылары арасында спорттың баскетбол түринен жарыс шөлкемлестириў ҳәм өткериў тәртиби Режеси 3-қосымшасына муўапық;

-улыўма орта билим бериў мектеплериниң оқыўшылары ҳәм оқытыўшылары арасында спорттың шахмат түринен республика биринщилигин шөлкемлестириў ҳәм өткериў тәртиби 4-қосымшасына муўапық;

-имканияты шекленген балалар ушын қәнигелестирилген мектеп-интернатлары оқыўшылары арасында республика биринщилигин шөлкемлестириў ҳәм өткериў тәртиби Режеси 5-қосымшасына муўапық;

-улыўма орта билим бериў мектеплериниң оқыўшылары арасында "Футболымыз келешеги сениң қолыңда" ураны астында республика биринщилигин шөлкемлестириў ҳәм өткериў Режеси 6-қосымшасына муўапық;

-улыўма орта билим бериў мектеплериниң оқыўшылары арасында "Кеўилли стартлар" жарысының республикалық (финал) басқышын шөлкемлестириў ҳәм өткериў Режеси 7-қосымшасына муўапық;

-улыўма орта билим бериў мектеплериниң оқытыўшылары арасында "Кеўилли стартлар" жарысының республикалық (финал) басқышын шөлкемлестириў ҳәм өткериў Режеси 8-қосымшасына муўапық;

-улыўма орта билим бериў мектеплериниң баслаўыш класслары оқыўшылары ушын "Балажанлар спорт командасы" ҳәмде жоқарғы класс оқыўшылары арасында "Жаслық спорт

командасы” республикалық биринshiligин шөлкемлестириў ҳәм өткериў Режеси 9-қосымшасына муўапық;

-улыўма орта билим бериў мектеплери оқытыўшылары арасында “Гүрес-миллий мақтанышымыз” ураны астында республикалық биринshiligин шөлкемлестириў ҳәм өткериў Режеси 10-қосымшасына муўапық;

**д) Үшинши басқышы бойынша:**

“5 баслама - хабар технологиялары менен” ураны астында “Балалар техник дөретиўшилиги” фестивал-таңлаўын шөлкемлестириў ҳәм өткериў Режеси 11-қосымшасына муўапық;

**е) Төртинши баслама бойынша:**

-“5 баслама - китап пенен” ураны астында фестивал-таңлаўын шөлкемлестириў ҳәм өткериў Режеси 12-қосымшасына муўапық;

-“Дөретиўшилик ҳәм шеберлик- дослық 1-балалар фестивалы”н шөлкемлестириў ҳәм өткериў Режеси 13-қосымшасына муўапық;

-“5 баслама – бес имканият” ураны астында “Қызларжан” көрик-таңлаўын шөлкемлестириў ҳәм өткериў Режеси 14-қосымшасына муўапық, көрик-таңлаў, фестивал, спорт жарысларын ҳәм биринshiliклерин өткериў бойынша шөлкемлестириўши комитети қурамы 15-қосымшасына муўапық тастыйықланғанлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3. **Министрликтиң Руўхый әдеп-икрамлылық тәрбия ҳәм мектептен тыс билимлендириў бөлими (Р.Таңирбергенов)не:**

-“5 баслама бойынша көрик-таңлаў, фестивал, спорт жарысларын ҳәм биринshiliклерин бирге ислесиўши шөлкемлер менен жоқары дәрежеде ўйымластырыў ҳәм өткериў;

-илажлардың республикалық басқышын өткериў бойынша төрешилер қурамын қәлиплестириў ҳәм тастыйықлатыў;

- илажларды белгиленген реже тийкарында өткериўге әмелий жәрдем көрсетиў;

-илажлар шеңберинде балалардың дөретиўшилик мийнетлеринен ибарат көргизбе шөлкемлестириў;

-илажлар жуўмағы бойынша тийисли ҳүжжетлерди рәсмийлестириў ўазыйпасы жүкленсин.

4. **Барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлими баслықлары ҳәм республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелери директорларына:**

-орынларда илажларды өз мүддетинде ҳәм Реже тийкарында жоқары дәрежедеги шөлкемлескенлик пенен өткериў;

-илажлардың қалалық ҳәм районлық басқышларын өткериў ушын төрешелер курамын тәжирийбели қәнигелер тийкарында қәлиплестириў, қалыс ҳәм әдил баҳалаўын тәмийинлеў;

-қала ҳәм районлақ басқыш жуўмағы бойынша ҳүжжетлерди тийисли тәртипте рәсмийлестириў ҳәм республикалық баскышқа усыныс етиў;

- республикалық баскышқа қатнасыўшылардың қәўипсизлигин тәмийинлеў, илаж өткерилетуғын мәнзилге келип-кетиўлерин тийисли тәртипте шөлкемлестириў ўазыйпасы тапсырылсын.

5. **Республикалық «Бәркамал әўлад» балалар мектеби (Т.Нажимов)не:**

**-биринши, үшинши ҳәм бесинши басламалар бойынша** илажларды усы буйрықтың 1, 2, 11,14-қосымшалары менен тастыйықланған режелер тийкарында жоқары дәрежеде өткерсин.

6. Республикалық “Балалар китапханасы” (З.Сейтниязова) **төртинши ҳәм бесинши баслама бойынша** илажларды усы буйрықтың 12,13,14-қосымшалары менен тастыйықланған режелер тийкарында жоқары дәрежеде өткерсин.

**7.“Ёшлик” дене-тәрбия ҳәм спорт жәмийети (Б.Байниязов) екинши баслама бойынша:**

-усы буйрықтың 3-10-қосымшалары менен тастыйықланған реже тийкарында спорт жарысларын жоқары дәрежеде, әдил ҳәм сыпатлы өткерилиўин тәмийинлеў;

-усы буйрықтың 4-10-қосымшаларындағы илажлар, жәмийеттиң бюджеттен тысқары қаржылары, қәрежетлер сметасында ғалабалық спорт ҳәм дене-тәрбия илажлары ушын режелестирилген қаржылары шеңберинде жарыстың республикалық басқышын шөлкемлестириў ҳәм өткериў менен байланыслы қәрежетлерди қаржыландырыў ҳәмде илажларды өткериў ушын талап етилетуғын товар ҳәм хызметлерди әмелдеги нызамшылықта белгиленген тәртипте сатып алыў усыныс етилсин.

8. Белгиленген илажды өткериў менен байланыслы сарп-қәрежетлер 2021-жыл ушын Халық билимлендириў министрлигиниң орайластырылған илажлар режесинде нәзерде тутылған тийисли қаржылары шеңберинде әмелге асырылыўы белгилеп қойылсын.

9. **Министрликтиң Баспа сөз хаткери (Т.Даўлетмуратов)не:**

- илажларды өткериўге таярлық жумыслары, өткерилиў барысы ҳәмде бул бағдарда әмелге асырылып атырған жумысларды ғалаба хабар қураллары арқалы кең жәмийетшиликке жарытып барыў ўазыйпасы тапсырылсын.

10. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалап барыў министр орынбасары Ш.Таджимуратовқа жүклensин.

**Министр** **Р.Реимов**

**Нөкис қаласы,**
**2021-жыл “11” Июнь**
**№ 147**